



Top 25 Kesyon Moun Poze Souvan (Frequently Asked Questions, FAQ)

<p>1. Kisa chanjman mak VNSNY la vle di?</p>	<p>Mak nou an reprezante pi plis pase non nou. Li reprezante plis pase logo nou an. Mak nou an demontre mond lan valè nou yo, misyon ak vizyon nou pandan l ap reponn ak kesyon tankou "kiyès nou ye?" ak "kisa nou ap fè?" Epi sak pi enpòtan an se mak nou an ki se "pwomès nou te fè moun n ap sèvi yo".</p> <p>Pwomès nou an: Antanke VNS Health, nou pral ede w viv, vyeyi, epi geri byen nan espas ou pi alèz ladan l lan—anndan lakay ou menm, pandan w ap ret konekte ak fanmi w epi kominote an. Nan nenpòt etap ou ta ye nan aksyon w ap fè pou w kapab rete ansante, nou ap toujou la pou n montre w chimen pou w pase ale nan pwochen etap la.</p> <p>Non nou, ki se VNS Health, ansanm ak nouvo logo nou an, reprezante pwomès mak nou an.</p> <p>Si w vle di "nouvo non nou an se VNS Health" oswa w ta vle di "nouvo mak nou an se VNS Health", youn nan yo p ap deranje n.</p>
<p>2. Poukisa nou ap fè chanjman nan mak nou an kounyea?</p>	<p>Nou ap fè chanjman nan mak nou an kounyea paske nou grandi pandan ane ki pase yo epi nou rive nan nivo kote nou se yon òganizasyon ki desèvi plizyè kategori moun nan plizyè fason. Chanje non ak mak nou pou n vin rele VNS Health kounyea kore etablisman fondasyon estratejik òganizasyon nou yo ki ap fè previzyon pou lavni tankou Devlopman ak Divèsifikasyon, Moun ak Kilti, ki fè yon sèl ansanm ak VNS Health.</p> <p>Antanke yon òganizasyon, nou pare kounyea pou nou fè misyon nou an pote plis rezilta nan amelyorasyon lavi plis moun, pandan n ap rive jwenn yon gwoup pasyan, kliyan, manm ki pi lwen pase kote n ye deja yo, ansanm ak fanmi yo.</p>
<p>3. Èske chanjman mak la vle di misyon nou ap chanje tou?</p>	<p>Non, sa p ap chanje misyon nou genyen an. Non VNS Health la kore misyon nou an ki se amelyore sante ak byennèt moun gras ak swen sante bon kalite epi ki gen pri konpetitif pou lakay oswa nan kominote an.</p> <p>Objektif chanjman mak nou an pou n vin rele VNS Health la se ede nou kominike sa nou fè yo klèman, nan yon fason ki senp, epi ki pisan bay plis moun pou nou kapab pi byen ranpli misyon ak vizyon dinamik nou an.</p>
<p>4. Poukisa nou te chwazi VNS Health pou nouvo non nou an?</p>	<p>Nouvo non nou an pi byen reprezante lis sèvis sante nou ofri yo epi li pi senp pou konprann ak pi enpòtan pou nou ak pasyan nou yo, kliyan nou yo, manm yo, ansanm ak fanmi moun sa yo, epi asosye nou yo.</p> <p>Pati ki ekri "VNS" nan nouvo non nou an baze sou eritaj nou an. Pati ki ekri "Health" (Sante) la ini nou epi se li ki motivasyon nou. Nouvo non nou an mete nou tout nan menm bato an antanke yon sèl òganizasyon ak yon ekip ki gen yon sèl misyon — ki se senplifye jan moun ap resevwa swen sante epi amelyore sante plizyè milyon moun.</p>
<p>5. Lè nou chanje non nou ki te "Visiting Nurse Service of</p>	<p>Non, nouvo non nou an selebre rasin nou epi li onore eritaj fondatè òganizasyon nou an, ki se Lilian Wald, yon pyonye nan sèvis swen sante lakay epi nan</p>

<p>New York" pou n vin rele "VNS Health", èske sa vle di gen chanjman nan objektif nou ki te baze sou sèvis enfimri?</p>	<p>kominote an, epi premye enfimiyè sante piblik nan peyi Etazini. Pati ki ekri "VNS" la nan nouvo non nou an reprezante istwa nou nan domèn sèvis enfimiyè lakay epi nan kominote an, epi lè nou ajoute mo "Health" (Sante) lan, sa vin mete nou nan menm bato an.</p>
<p>6. Nou p ap gen mo "New York" nan non nou an ankò. Èske sa vle di travay nou an pral konsantre sou kote ki andeyò New York?</p>	<p>Youn nan fondasyon estratejik nou genyen yo se Devlopman ak Divèsifikasyon, epi nou ret kwè genyen opòtinite pou nou kapab sèvi moun ki andeyò New York yo oswa vini ak solisyon pou lòt plan sante yo ki gen manm nan lòt Eta yo. Nouvo non nou an ede nou anpil pandan n ap kontinye grandi pou n kite New York epi ale pi lwen.</p>
<p>7. Èske pwogram ak sèvis nou yo chanje?</p>	<p>Non. Chanjman nou fè pou n vin gen nouvo non sa p ap chanje okenn nan pwogram ak sèvis nou ofri bay pasyèn, kliyan oswa manm yo nan kad swen sante yo.</p>
<p>8. Kisa k ap rive ak non Partners in Care ak VNSNY CHOICE yo?</p>	<p>Nou p ap itilize non Partners in Care oswa VNSNY CHOICE ankò.</p> <p>Pandan de (2) dènye ane ki sot pase yo, nou te fè anpil rechèch pandan nou t ap mande moun n ap sèvi yo kisa yo konprann lè nou ofri yo sèvis sa yo epi kijan yo kapab dekri kategori swen yo bezwen pou moun ki pwòch yo. Nou konstwi mak VNS Health nou an apati pwennvi konsomatè nou yo. Men sa nou tande konsomatè ak kòlèg nou yo di konsènan no Partners in Care la:</p> <p>Lè moun bezwen sèvis asistans sante lakay tankou èd nan Aktivite Lavi Chak Jou yo, yo di yo "bezwen swen lakay".</p> <p>Kidonk, dapre jan konsomatè yo wè sa, sante lakay vle di swa swen kalifye oswa swen pèsònèl – ki se sèvis VNS Health ofri.</p> <p>Pou sa kapab pi fasil pou moun yo konprann sa nou ap fè an, nou pral itilize mo "home care" (swen adomisil) yo. Lè n ap pale konsènan travay asistan swen sante adomisil nou yo ap fè an, nou pral itilize mo "personal care" (swen pèsònèl) yo. Kounyea, pati sa nan òganizasyon nou an pral rele VNS Health Personal Care. Nou p ap itilize non Partners in Care la ankò.</p> <p>Se ap menm bagay la tou pou gwoup sèvis plan sante nou yo. Lè gen moun ki bezwen sèvis asirans Medicaid oswa Medicare yo, yo itilize mo plan sante oswa asirans sante yo. Kidonk, nou pral bay sèvis asirans sante nou yo pote non yo genyen egzakteman an, Plan Sante. Nou p ap itilize non CHOICE la ankò pou idantifye yo.</p>
<p>9. Kilè nouvo non nou an, VNS Health ap disponib an piblik?</p>	<p>Nan dat 18 Me 2022, nou pral fè tout moun nan mond lan konnen, nan yon fason ofisyèl, nouvo non nou an ki se VNS Health! Nan jou sa, nou pral kòmanse yon nouvo kanpay piblisite ki pral fè tout moun konnen nouvo non nou an epi nou pral lanse yon nouvo sit entènèt. Finalman, tout manm ekip premye liy yo pral mete nouvo inifòm/blouz ki ap genyen nouvo logo nou an, epi nou pral genyen nouvo kat idantifikasyon.</p> <p>Epitou, ap genyen yon plan komunikasyon ekstèn pou asire konsomatè aktyèl yo ak nouvo konsomatè yo (pasyan, manm, kliyan, ak fanmi yo) epi kliyan yo (founisè, plan sante yo), ansanm ak donatè epi founisè yo, konnen chanjman nou ap fè nan non nou an pou n vin rele VNS Health.</p>

<p>10. Èske moun ki ap travay anndan òganizasyon an kapab kòmanse site non VNS Health la?</p>	<p>Premye dat nou ap kòmanse site non VNS Health la anndan òganizasyon an se ap 1ye avril! Nan aktivite Zoom 31 Mas nou an, nou te anonse ofisyèlman nouvo non nou ANDAN òganizasyon an.</p> <p>Nan espas 1ye avril rive 18 me, nou tout pral konnen plis sou nouvo non nou an epi konsènan chanjman mak òganizasyon nou an. Tout moun ap kapab mande epi jwenn repons pou kesyon yo ta kapab genyen.</p>
<p>11. Kilè òganizasyon an ap fin chanje tout non l pou l vin rele VNS Health?</p>	<p>Après entwodiksyon an piblik la nan dat 18 Me an, sa ap pran tout rès ane 2022 an epi yon pati nan ane 2023 an pou tout bagay chanje pou pote nouvo non ak logo an.</p>
<p>12. Èske tout seksyon nan VNSNY yo ap chanje pou vin fè pati VNS Health?</p>	<p>Wi, non nou genyen pou tout òganizasyon nou an ap chanje pou l vin VNS Health. Nou tout se manm ekip ki fè VNS Health ap fonksyone yo: nou fè yonsèl òganizasyon, yon sèl ekip, epi nou gen yon sèl misyon.</p> <p>Objektif nou se fè li fasil nan fason nou kapab pou moun n ap sèvi yo, ansanm ak asosye oryantasyon, founisè ak plan sante nou yo, pou yo kapab konprann nou ofri yon lis konplè pwogram, sèvis ak solisyon ki pral ede pasyan yon, manm yo ak kliyan yo nan swen sante y ap resevwa yo.</p>
<p>13. Èske tout seksyon nan VNSNY yo ap chanje pou vin fè pati VNS Health nan menm moman an?</p>	<p>Wi, nou pral anonse nouvo non nou an piblikman pou tout òganizasyon an kapab konnen l nan dat 18 me 2022 an. Sepandan, chanjman ki ap fèt pou n vin pote non VNS Health la p ap fèt nan mitan lannuit. Chanjman ki ap fèt pou VNSNY CHOICE vin rele Health Plans from VNS Health lan pral fèt nan otòn 2022, lè peryòd Enskripsyon Anyèl 2023 (Annual Enrollment Period, AEP) pou plan sante Medicare Advantage lan kòmanse.</p> <p>SelectHealth soti nan VNSNY CHOICE pral tranzisyon nan SelectHealth soti nan VNS Health nan fen ete 2022.</p> <p>An gwo, sa ap pran anpil tan pou tout bagay vin pote non VNS Health la, epi sa ap fèt nan yon peryòd 12 rive 18 mwa.</p>
<p>14. Poukisa nou vin genyen yon nouvo logo ak konsèp?</p>	<p>Li fasil pou li, kominike epi sonje nouvo logo ak konsèp lan. Nou ap itilize yon nouvo sistèm koulè ki ap fè nou inik epi ki ap ede VNS Health parèt diferan nan mitan yon sektè swen snate ki gen anpil konpetisyon.</p> <p>Nou toujou kenbe pati sa ki gen fòm won an nan ansyen logo nou an ansanm ak koulè ble fons an, pandan n ap mete aparans nou ak imaj nou yo ajou.</p> <p>Tèks "VNS" lan ki ekri ak lèt majiskil la enspire konfyans epi li pale klè, epi mo "Health" la parèt pi kalm epi pi poze, sa ki vin kreye yon enpak jeneral ki se yon melanj swen, kalite, konfyans ak ouvèti.</p> <p>Logo ki gen fòm won an demontre misyon san kanpe VNS Health genyen pou l bay swen. Ekilib ak simetri ki genyen nan plizyè pati ki konpoze l yo ranfòse lide ki fè konnen òganizasyon nou an konsantre sou akonpisman misyon nou genyen an. Lèt "V" an senbolize koneksyon epi kijan VNS Health ap sèvi pasyan, manm li yo, ansanm ak kominote li an. Pati ki antoure l yo reprezante kategori sèvis nou ofri moun yo ak kominote nou an.</p>
<p>15. Kisa nouvo slogan nou an vle di?</p>	<p>Nouvo slogan nou an di "The future of care. The comfort of home." (Avni sèvis swen yo. Konfò anndan kay la) Mo sa yo moun p ap janm bliye epi ki pote enspirasyon gen objektif pou fè moun wè valè inik VNS Health genyen nan je mond lan.</p> <p>Slogan nou an demontre pwomès nou fè ak moun n ap sèvi yo.</p> <p>Lè nou di 'The future of care' (Avni sèvis swen yo), sa demontre kijan lidèchip nou an ap panse pou lavni epi li mete òganizasyon nou an nan pozisyon pou li kontinye evolue. Epiou, li prezante mo 'care' (swen) la antanke pwen santral sa n ap fè yo, pandan l ap pwopoze yon gran kantite sèvis.</p>

	<p>Lè nou di 'comfort of home' (konfò anndan kay la), sa kreye yon santiman familyal ak rapwòchman, ki apiye sou relasyon pisan ak pozitif ki fèt lè n ap pale konsènan moun ki lakay yo — kèlkeswa se te kay fizik oswa kominote yon moun.</p> <p>Nan rechèch nou fè nan sektè swen sante an, slogan nou an te pote rezilta pozitif bòkote konsomatè ekstèn yo epi nan mitan manm ekip entèn yo. Yo te remake li fè anpil sans, epi li dekri travay VNS Health ap fè an ak presizyon.</p>
<p>16. Èske nouvo non an ki se VNS Health ap chanje oswa gen yon enpak sou travay m ap fè an nan yon fason oswa yon lòt?</p>	<p>Non, Nouvo non an p ap chanje estrikti nou genyen anndan òganizasyon an oswa sa nou chak konsantre sou li an nan objektif nou ki se sèvi kominote an.</p> <p>Sepandan, non kèk pozisyon travay kapab chanje pou vin fè nouvo non an parèt.</p>
<p>17. Kilè mwen pral resevwa nouvo kat idantifikasyon mwen an?</p>	<p>Nouvo badj ID ak nouvo non ak koulè pral bay tout moun. Tanpri sonje ke ou ka pa resevwa nouvo idantite w anvan 18 me e sa a oke. Ansyen kat idantite w la ap rete valab jiskaske w jwenn nouvo a.</p> <p>Anplwaye ki baze nan biwo a pral resevwa yon imèl pèsonalize lè kat idantite w la pare pou yo pran nan mwa me ak jen.</p> <p>Klinisyen premye liy yo pral pran nouvo kat idantite ansanm ak nouvo sakado ak sak woule nan biwo rejyonal yo. Ou pral voye yon imèl lè badj ak sakado disponib.</p> <p>Y ap mande swen sante nan kay la pou retounen nan biwo prensipal 245 East 41st Street selon yon orè ki te detèmine davans pou pran nouvo kat idantite w, nouvo fwomaj, epi retounen ansyen kat idantite w la. Nou pral bay orè distribisyon an anvan 18 me.</p>
<p>18. Kisa mwen ta dwe fè ak bagay ki gen ansyen logo an? Kilè mwen dwe sispann itilize materyèl ak kominikasyon ki genyen ansyen logo VNSNY yo?</p>	<p>Ou kapab kontinye sèvi ak tout sa w konn itilize ki gen logo VNSNY yo tankou dokiman enprime, ak gid yo jiskaske yon chèf gwoup travay pou ekip ou an oswa manadjè w la di w pa fè sa ankò.</p> <p>Epi tou nan menm moman sa, ou dwe refirchi sou sa w ap kòmande, pandan w konnen gen chanjman ki ap gen pou fèt nan kèk tan. Ou ta dwe sispann sèvi ak materyèl ki egziste deja yo lè nouvo materyèl mak vin disponib. Si w gen kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte rebrand@vnsny.org.</p>
<p>19. Èske tout doktè ki nan ekip premye liy yo ak asistan swen sante adomisil yo ap jwenn nouvo inifòm?</p>	<p>Wi. Tout manm ekip ki oblije mete yon inifòm pral resevwa yon nouvo inifòm.</p> <p>Klinisyen premye liy yo pral resevwa yon imèl 2 me ak enstriksyon pou konekte ak Cintas epi kòmande nouvo inifòm. Si w bezwen èd pou konekte ak Cintas, tanpri ale nan HRConnect epi voye yon imèl bay Ask HR.</p> <p>Travayè swen sante nan kay yo pral resevwa nouvo inifòm scrub epi yo pral oblije vin nan biwo prensipal la nan 245 East 41st Street dapre yon orè predetèmine pou ranmase nouvo scrub, jwenn nouvo kat idantite epi retounen ansyen kat idantite. Nou pral bay orè distribisyon an anvan 18 me.</p>
<p>20. Kisa pou m fè ak ansyen inifòm/blouz yo?</p>	<p>Yon fwa w fin resevwa nouvo inifòm ak blouz ou yo, nou atann nou w ap toujou mete rad ki afiche nouvo non nou an. Okenn moun pa dwe mete ansyen rad ki gen non oswa logo Visiting Nurse Service of New York oswa VNSNY la oswa sa ki genyen logo Partners with Care yo sou teren travay la.</p>
<p>21. Kisa ki di konsènan sak a woulèt/sak a do yo?</p>	<p>Tout doktè premye liy ki gen yon sak a woulèt oswa yon sak a do aktyèlman la a pral resevwa yon nouvo sak a woulèt oswa sak a do. Yo pral kontakte w pou fè w konnen enfòmasyon sou kilè epi kijan nouvo sak sa yo ap disponib.</p>
<p>22. Èske adrès imèl vnsny.org mwen an ap chanje?</p>	<p>Wi, adrès imel yo pral chanje an VNS Health. Chanjman sa a kounye a planifye pou 17 septanm. Nenpòt imèl ki voye nan ansyen adrès imel "@vnsny.org" ou pral otomatikman redireksyon nan nouvo adrès imel "@vnshealth.org" ou a— konsa pa gen okenn imèl ap pèdi. Jis anvan chanjman imel la, ou ka vle kite founisè, machann oswa lòt elektè deyò konnen sou switch la pou ede asire imèl ou yo pa antre nan dosye Spam yo.</p>

<p>23. Kijan/kilè mwen ta dwe mete siyati imèl mwen an ajou?</p>	<p>Tanpri mete siyati imèl ou an ajou ansanm ak nouvo non ak logo nou an nan oswa aprè dat 18 Me an. Epi tou, n ap bay enstriksyon sou kijan pou chanje siyati imèl ou an epi zouti kòrèk yo ap tou disponib (tankou, logo VNS Health la).</p>
<p>24. Kiyès mwen dwe kontakte konsènan kesyon oswa demann mwen genyen sou chanjman mak yo?</p>	<p>Si w gen yon kesyon konsènan chanjman mak lan, voye yon imèl nan: rebrand@vnsny.org. Yon manm nan youn nan gwoup travay yo oswa nan ekip santral pou chanjman mak la pral reponn kesyon w yo tousuit.</p>
<p>25. Kisa mwen dwe fè si yon manm medya yo kontakte m konsènan chanjman sa?</p>	<p>Ou dwe transfere demann ransèyman medya yo (kèlkeswa yo fèt anliy oswa andeyò rezo an) bay Richard Rothstein oswa Caren Browning, ki se moun k ap sipèvize Aktivite Relasyon Piblik yo.</p>